

Bible lessons. **Lesson 35 NOBODY LOVES ME, THIS I KNOW**

Genesis 40:1-4; 9-14; 20-23

Memory verse: "Who shall separate us from the love of Christ? Could oppression, or anguish..." Rom. 8:35

NTA MUNTU ANKUNDA, IVYO NDABIZI

Icirwa 52

Itang. 40:1-4; 9-14; 20-23

Ijambo ngenderwako : « *Ni nde azodutandukanya n'Urukundo rw'Imana ? Mbega ni amarushwa. Ni ivyago,ni uguhamwa, ni inzara,...* » Rom. 8:35

I. Intangamarara

Yosefu umwizigirwa mu murimo, arafunzwe mu gihe ata muntu wiwabo n'umwe amuzi muri ico gihugu ngo anamugereko canke ngo abe yogira umugenzi n'umwe. Ibi kwari ukuri kandi nawe yarabizi. Yizera ko Imama yonyene ariyo mukunzi wiwe. Kandi Izi ivy'ukuri kwiwe vyose. Yagirijwe icaha gikomeye kandi yafunzwe n'umuntu akomeye muri iki gihugu. Ninde azoboneka ngo amuvugire, azohabwe n'umwanya wo kuburana ? Imana yari kumwe nawe.

II. Ubuzima bwo mw'ibohero

Yosefu bamushikanye mwibohero, yashishikaye kuba umwizigirwa ari naco catumye umukuru w'Ibohero amuha kugaba abandi bafungwa.

Amabohero yo muri Egipta muri ico gihe, yari ivyobo, hatabona, hafunganye cane, abashakashatsi bivya kera (Archeologues), baherutse kuvumbura ahandi hantu hameze uko mu bugararwa bwo muri Egipta. Basanze abenshi babatayo baboshwe bagapfirayo. Uravye icaha bagirije Yosefu, vyarashoboka ko aca yicwa ubwo nyene. **zab. 105:18** « *Bababarisha ibirenge vyiwe iminyororo, bamushira mu vyuma.* »

Yosefu, umurwaneza, yabanye neza n'abandi bafungwa bacika abagenzi biwe. Bamwe muri abo bari : umuteretsi yahereza ibinyobwa umwami wa Egipta, n'uwacumba imitsima. « The chief cupbearer and the chief baker. »

III. Ingabire ya Yosefu ibera ikimazi abafungwa

Aba bagenzi biwe bararota ; babura uwobasigurira ivyo barose, **umurong wa 8**. Yosefu ati : Ni muzimbarire. Bramubwira ; aca asigurira umwe wese ibihwanye n'inzosi ziwe. Kandi ivyo bibashikako nkuko yabibabwiye. Umwe asubira ku kazi kiwe i bwami, uwundi aramanikwa.

- Ibi vyerekana ko Yosefu yakomeje kuba umwizigirwa ku Mana no mu bihe atari akibona ko azotinda akaba uwikimazi nk'abandi. Yarashobora kwibwira ati : « Naho Imana yaretse benewacu bakangurisha ino, ikemera nkabeshywa na muka Potifari, ikanemera nkafungwa bene ubu buryo,... ico nzi ni uko Urukundo rwayo atacotuma arunkurako. Nzokomeza kumwizigira.

Aha niho abenshi, iyo bashitse mu bihe bigoye, barata ivyizigiro bagatangura gutukisha ijambo ry'Imana n'Ishengero bahora birirwa baravugira abantu bakoranye. Ni wigire ku kwizera kwa Yosefu.

IV. Uwatabawe yibagira Yosefu.

Umur wa 14 « Maze uze unyibuke, niwamara kumererwa neza, uzontabare, ndakwinginze umvugire kuri Farawo, unkuze muri iyi nzu. » uko niko Yosefu yasavye umwe muri bamwe asobanuriye inzosi. Ariko amaze kumererwa neza, ntiyarushe amwibuka n'umusi umwe.

Yosefu ntiyabuze kwibaza ati : « Nagurishijwe nabo tuvukana, ndenganywa na mabuja, none n'uwo twahorana mu magorwa ntarushe anyibuka!!!! Nabaye Magorwa muri ino si, sintahura igituma Imana ireka ibi vyago bikakomeza kwiyongeranya » igikomere co mu mutima kirongerekanye ; reka nihangane kuko ntawunkunda ivyo ndabizi. Nsigaranye urukundo rw'Imana yonyene.

V. Gushira mu ngiro

Harabaho igihe mu buzima, ibibazo biza bikagenda bikuranwa kimwe gihera ikindi cashitse. Muri iki gihe, umuntu haraho agerageza kwironderera inzira yo kubisohokamwo. Aha ni hamwe usanga wakuye ivyizigiro ku Mana ukabishira ku muntu kanaka ngo azogutabara, umuntu yavukanye kameremere y'icaha si uwo kwizigirwa imisi yose, wobimusaba, akavyirengagiza.. Izere Imana. igihe gikwiye gishitse ntazoteba guseruka agatabara nk'umunyarukundo koko.

Ugutabarwa kuva ku Mana yonyene, ikindi co kumenya ni uko atari imisi yose uzokora igikorwa ngo wemerwe n'abantu. Mu mirimo yawe kora ushize

iyizigiro ku Mana. Ugendere ku c'ivugo ngo / Imana iri kumwe nanje. Ukwizera n'ukuri bikubere umukanda mu rukenyerero rwawe.

Niba warabayeho wataye ivyizigiro, ingabire wahawe ukayishibura kubera ivyago, uyu ni umwanya wawe. Urashobora guhaguruka ugasenga, Imana ni Rukundo, iraguharira ; imigenderanire yawe nayo irasubira kubakwa ubu nyene.